

# Shoko RaMwari Rakauya KumuProfita William Marrion Branham

## **“Tora Chinyoreso Chako Unyore”**

*Humwe usiku pandakanga ndichitsvaka Ishe, Mweya Mutsvene wakanditaurira kuti nditore chinyoreso changu ndinyore. Pandakabata chinyoreso kuti ndinyore, Mweya waKe wakandipa mharidzo yokupa kereke. Ndinoda kuiunza kwamuri. . . Ine chokuita neShoko nomwenga.*

“Hezvino zvandiri kuedza kureva kwauri. Mutemo wokuberekana unoti rudzi runobereka rudzi rwarwo, kana sezvazviri kana tichitevedzera Genesisi 1:11 inoti, “Mwari akati, Nyika ngaimereke uswa, nemirivo ibereke mbeu, nemiti inobereka michero ina marudzi ayo, mbeu dzayo dziri mukati mayo, panyika: zvikaita saizvozvo.” Upenyu hwoga hwoga hwakanga hwuri mumbeu hwakabuda kuva chimera ndokuzova muchero. Mutemo mumwe chete iwoyo unoshanda kukereke nhasi. Mbeu yakatanga kereke ichabuda ikava sembeu yapamavambo nokuti imbeu imwe chete. Mumazuva ano okupedzisira Kereke Mwenga wechokwadi (mbeu yaKristu) ichauya kudombo Rapamusoro, uye ichava kereke yakadarika dzose, rudzi rwakadarika dzimwe ndudzi dzose, painenge ichiswederwa paAri. Avo vari mumwenga vachaita saIye zvokuti vachava mumufananidzo waKe chaiwo. Izvi zvinoitira kuti vagobatanidzwa naYe. Vachava chinhu chimwe chete. Vachava kuratidzwa chaikwo kweShoko raMwari mupenyu. Masangano haakwanisi kubereka izvi (imbeu isiriyo). Vachabereka zvitendwa zvavo nedzidziso dzavo dzisingapikiswi, dzakasanganiswa neShoko. Izvi zvinenge imbwa yamasanganiswa zvichibudisa chibereko chamasanganiswa.

Mwanakomana wokutanga (Adhama) waiva mbeu-Shoko raMwari rakataurwa. Wakapiwa mwenga kuti azvibereke. Ndiko kusaka mwenga wakapiwa kwaari, kuti azvibereke; kuti

abereke mumwezve mwanakomana waMwari. Asi mwenga uyu wakapunzika. Wakapunzika pamusana pokusanganisa. Wakasakisa kuti Adhama afe.

Mwanakomana wechipiri (Jesu), anovavo Mbeu-Shoko raMwari wakapiwavo mwenga sezvakaitwa Adhama. Asi asati Amuwana, mwenga wakanga wapunzikavo. Somukadzi, waAdhama, iyevo wakaiswa pamuedzo kuti waizobvuma Shoko raMwari here kuti ararame, kana kusatendeseka neShoko agofa. Haana kutendeseka. Akasiya Shoko. Akafa.

Kubva muboka diki rembeu yechokwadi yeShoko, Mwari achapa Kristu mwenga unodikanwa. Imhandara yeShoko raKe. Imhandara nokuti haazivi zvitendwa zvakagadzirwa navanhu kana dzidziso dzisingapikiswi. Achishandisa nhengo dzomwenga uye kubudikidza nadzo zvose zvakavimbiswa naMwari kuti zvicharatidzwa mumhandara zvichazadziswa.

Shoko revimbiso rakauya kuna Maria. Asi Shoko revimbiso iri waiva Iye, pachaKe, wakanga achizoratidzwa. Mwari Wakaratidzwa. Iye, pachaKe, wakashanda basa panguva iyoyo akazadzisa Shoko mhiko yaKe pachake mumhandara. Mutumwa ndiwo wakauya nemharidzo. Asi mharidzo yomutumwa rakanga riri Shoko raMwari. Isaya 9:6. Akazadzisa panguva iyoyo zvose zvakanga zvakanyorwa pamusoro paKe nokuti mwenga wakagamuchira Shoko raKe raakapiwa.

Nhengo dzomwenga mhandara dzichaMuda, uye dzichawana simba raKe, nokuti ndiYe musoro wadzo, uye simba rose nderaKe. Dziri pasi paKe sezvakangoitavo nhengo dzemiviri yedu dzinotongwa nemisoro yedu.

Onai kufambirana kwaBaba noMwanakomana. Jesu hapana chaakamboita chisina kumbotanga chataridzwa kwaAri naBaba vake. Johane 5:19. Kufambirana uku kwava kuzowanikwa pakati poMurume nomwenga waKe. Anoratidza mwenga Shoko raKe roupenyu. Mwenga unorigamuchira. Haamboratidzi kusagutsikana naro. Saka, hapana chinogona kumukuvadza, kana rufu chairwo. Nokuti kana mhudzi yakavirwa, mvura ichaimeresa. Hechino chakavanzika pamusoro pezvizvi. Shoko riri mumwenga (sezvarakanga rakaita muna Maria). Mwenga

une fungwa yaKristu nokuti unoziva zvaAnoda kuti zviitwe neShoko. Mwenga unoitwa zvarayirwa neShoko muzita raKe nokuti ane “zvanzi naJehovha.” Shoko rinobva raitwa benyu noMweya robva raitika. Sembeu inokavirwa nokudiridzwa, inosvika pakukohwiwa kwakazara, ichizadzisa basa rayo.

Avo vari mumwega vanoita kuda kwaKe chete. Hapana anokwanisa kuti vaite chimwe chinhu. Vane ‘zvanzi naJehovha’ kana kuti havambofakanyiki. Vanoziva kuti anofanira kunge ari Mwari ari mavari ari kuita mabasa, achizadzisa Shoko raKe pachake. Haana kupedzisa mabasa aKe ose mushumiro yaKe yapanyika saka zvino Ari kushanda mumwenga achishandisa mwenga. Mwenga unozviza izvi, nokuti nguva yakanga isati yakwana kuti Aite zvimwe zvinhu zvaAva kusungirwa kuti achiita iko zvino. Asi Achazadzisa zvino achishandisa mwenga basa iroro raAkasiyira nguva ino chairo.

Zvino ngatimire saJoshua naKarebhi. Nyika yedu yechipikirwa yava kuda kuonekwa sezvakangoitavo yavo. Zvino Joshua zvinoreva “Jehovha-Muonesi”, uye anomiririra mutungamiriri wenguva yokupedzisira achauya kukereke sezvakaitavo Pauro wakauya somutungamiriri wapamavambo. Karebhi anomiririra avo vakaramba vari muchokwadi naJoshua. Rangarirai kuti, Mwari wakanga atanga Israeri semhandara neShoko raKe. Asi vakada chimwevo chinhu chakasiyana naMwari. Ndizvo zvimwe chetevo nekereke yenguva yokupedzisira. Cherechedzai kuti Mwari haana kufambisa Israeri, kana kurega vachienda munyika yechipikirwa kusvikira panguva yaakanga atara Iye. Zvino vanhu vaigona kugombedzera Joshua, mutungamiriri, vachiti, “Nyika ndeyedu, saka ngatiende tindoitora. Joshua, hapana zvauchabetsera iwe, wakarashikirwa nesimba rako, hauchisina simba rawaimbova naro. Waimbonzwa kubva kuna Mwari nokuziva kuda kwaMwari, uchikurumidza kuita zvinhu. Pane chakanganisika pauri.’ Asi Joshua wakanga ari muprofiti wakatumba naMwari waiziva vimbiso dzaMwari, saka wakadzimirira. Wakamirira chaizvo zvainge zvaifungwa naMwari zviripachena nguva payakangokwana kuti vafambe vaende mberi, Mwari wakaisa utungamiriri huzere mumaoko aJoshua nokuti wakanga agara

neShoko. Mwari aikwanisa kuvimba naJoshua asi kwete vamwe. Saka zvichadzokororazve muno munguva yokupedzisira. Matambudziko mamwe chete, nokuremerwa kumwe chete.

Ngatitore muenzaniso watinoona muna Mosesi. Muprofitwa waMwari mukurukuru wakazodzwa uyu ane maberekerwe ake ega, sezvo akaberekwa nguva kwayo yokusunungurwa kwembeu yaAbhurahama kubva muEgipita. Haana kumbofa akagara muEgipita kuti aitirane nharo navamwe pamusoro peGwaro, kana kunyunyutira vaprista. Wakaenda murenje kusvikira vanhu vagadzirira kumugamuchira. Mwari wakadanira Mosesi kurenje. Kumirira kwakanga kusiri kuitira iye Mosesi asi nokuda kwokuti vanhu vakanga vasati vagadzirira kumugamuchira. Mosesi wakafunga kuti vanhu vaizonzwisisa asi havana kumunzwisisa.

Mumwezeve aripo ndiEria uyo akavingwa neShoko raMwari. Paakanga apedza zvokuparidza chokwadi uye boka iroro kareko raiva nhungamiri yeboka raJezebheri weAmerika parisina kugamuchira Shoko, Mwari wakamubvisa munzvimbo iyoyo ndokuisa denda pachizvarwa ichocho pamusana pokuramba muprofitwa nemharidzo yakanga yapiwa naMwari. Mwari wakamudanira kurenje zvokuti haana kumbobudamo kunyangwe nokuda kwamambo chaiye. Avo vakaedza kumunyengetedza kuti abude, vakafa. Asi Mwari wakataura kumuprofitwa waKe akanga akatendeka nechiratidzo. Akabva angobuda maakanga akavanda ndokudzosa Shoko kuna Israeri.

Kwakazouya Johane Mubhabhatidzi, muparuri akatendeka waKristu, muprofitwa mukurukuru wenguva yake. Haana kuenda kuchikoro chakapinda baba vake, kana kuchikoro chavaFarise — haana kuenda musangano, asi wakaenda kurenje kwaakanga adanwa naMwari. Wakagara imomo kusvikira Ishe amutuma nemharidzo, achidanidzira achiti, ‘Mhesiyasi wava pedyo.’

Zvino ngatitore yambiro yeGwaro. Haizi nguva yaMosesi here uyo wakanga aratidzwa naMwari yakamuka Kora akapikisa muprofitwa mukurukuru uyu? Wakakakavadzana naMosesi achiti iye wakanga awanavo zvakakwana kubva kuna Mwari kutungamirira vanhu uye kuti vamwevo vanomugove muchizaruro chaMwari zvakanga zvakaitavo Mosesi.

Wakaramba simba raMosesi. Zvino vanhu kareko, pashure pokunzwa Shoko rechokwadi uye vachinyatsoziva chokwadi chokuti muprofita wechokwadi wakanga aratidzwa naMwari, ndinoti vanhu ivava vakamhanyira Kora nokuramba kwake Shoko. Kora wakanga asiri muprofita weGwaro asi vanhu navatungamiriri vavo vakakoromoka vachienda kwaari. Zvinenge vavhangeri vamazuva ano vane zvirongwa zvavo zvinenge zvaKora zvemhuru yendarama. Vanoratidzika kuvanhu kuva vanhu vakanaka saKoravo akaratidzika kuva wakanaka mazuva iwawo. Vane ropa pahuma dzavo, namafuta pamaoko avo namabhora omwoto papuratifomu. Vanotendera vakadzi kuti vaparidze, vachirega vakadzi vachigura vhudzi ravo, vachipfeka midhebhe nezvikabudura, nokupendera Shoko raMwari nokuda kwezvitendwa zvavo pachavo nedzidziso dzisingapikiswi. Zvinoratidza kuti mavari mune mhandoi yembeu. Asi havasi vose vanhu vakafuratira Mosesi vakasiya Shoko raMwari. Kwete. Vasanangurwa vakaramba vanaye. Zvimwe chetezvo zviri kuitikavo mazuvano. Vazhinji vari kusiya Shoko asi vamwe vari kuramba vari mariri. Asi rangarirai mufananidzo wamasawi nezviyo. Masawi anofanira kuunganidzwa mumasvinga kuti apiswe. Kereke idzi dzakasiya chinamoto dziri kuramba dzichingounganidzwa nokunyanya kubatana, dzichigadzirirwa mwoto wokutonga kwaMwari. Asi zviyo zvichaunganidzwa kuna Tenzi.

Ndinoda kuti mungwarire pano apa kuti muone izvi. Mwari wakavimbisa kuti munguva yokupedzisira Maraki 4 ichazadziswa. Inotosungirwa kuti izadziswe nokuti iShoko raMwari rakaitwa benyu noMweya rikataurwa nomuprofita Maraki. Jesu wakataura nezvaro. Izvi zvichaitika chaipo panenge pava kuda kuti Kristu achiuya rwechipiri. Panozouya Jesu Gwaro rose rinofanira kuzadziswa. Nguva yavaHedheni inenge yava muzera rekereke rokupedzisira panouya nhome iyo inotaurwa muna Maraki. Achazenge ari muShoko chaimo. Achatora Bhaibheri kubva Genesisi kusvika Zvakazarurwa. Achatanga pambeu yechikara achienderera mberi kusvikira kunhume yenguva yemvura yokukohwa. Asi acharambwa namasangano.

Anofanira kurambwa nokuti iyi inhoroono inozvidzokorora kubva pamazuva aAhabhi. Nhoroono yeIsraeri munguva yaAhabhi iri kuitika iko zvino uno chaiye muno muAmerika munobuda muprofitu akataurwa muna Maraki. Sezvakaita Israeri kubuda muEgipita kuti ishumire murusununguko, ichitorera nyika zvizvarwa zvomo, nokubereka rudzi runa vatungamiriri vakurukuru vakaita saDhavhidhi navamwe, ndokuzoisa Ahabhi pachigaro choushe ana Jezebheri mushure make kumuratidza gwara, ndizvo zvimwe chete zvatakaitavo isu muno muAmerica. Madziteteguru edu akasimuka kuenda kunyika yokushumira nokurarama murusununguko. Vakatorera zvizvarwa zvenzvimbo ino nyika. Varume vakurukuru vakaita saWashingtoni naRingoni vakaberekwa asi mushure mechinguva vamwevo varume vasingamboenzaniswi navava vakavatevera vakakodzera ava zvokuti kusina kupera nguva Ahabhi akagadzwa pachigaro choutungamiriri hwenyika naJezebheri wakevo wokumuratidza gwara. Panguva yakaita seino ndipo panofanira kuuya nhume yakataurwa muna Maraki. Kwozomba kwotevera kutaridzwa kwamasimba paGomo reKarmeri. Zvino chicherechedzai kuti muzvione muShoko. Johane wakanga ari muparuri waMaraki 3. Akadyarira mvura yokutanga akarambwa namasangano enguva yake. Jesu akauya akavavo nokutaridzwa kwamasimba paGomo roKushandurwa. Muparuri wechipiri waKristu achadyarira mvura yokukohwa. Jesu achava kuratidzwa kwamasimba pakati pamasangano nezvitendwa zvawo, nokuti Achauya kuzotsigira Shoko raKe nokutora mwenga waKe mukubvutwa. Kuratidzwa kwamasimba kwokutanga kwakaitwa paGomo reKarmeri; kwechipiri kwakaitwa paGomo roKushandurwa, uye kwetatu kuchaitwa paGomo reZioni.

Maitire akasiya aMosesi, naEria, naJohane kubva muvanhu kundogara voga zvakasiya vazhinji vaputsika misoro. Havana kuziva kuti yaiva mhosva yokuti mharidzo dzavo dzakanga dzarambwa. Asi mbeu yakanga yatokushwa, kudyara kwakanga kwatopera. Chakanga chichitevera kwaiva kutongwa. Vakanga vatoita basa ravakanga vavinga rokuva chiratidzo kuvanhu, kuitira kuti kutongwa kugotevera.

Ndinotenda kuti kana tichitevedzera zviri muna Zvakazarurwa 13:16 kuti mwenga uchafanira kumisa kuparidza nokuti chikara chinenge chava kuda mucherechedzo paruoko kana pahuma kuti mvumo yokuti munhu aparidze igopiwa. Masangano achatora mucherechedzo uyu, kana kuti vanomanikidzwa kurega kuparidza. Apa ndipo zvino panouzouya Gwayana kuzatora mwenga nokuzotonga mhombwe huru iyi.

Zvino rangarirai kuti Mosesi wakaberekerwa kuzoita rimwe basa, asi haana kukwanisa kuita basa iroro kusvikira agamuchira zvipo zvaizomuita kuti akwanise kuita basa iroro. Akasungirwa kuti aende mugwenga kuti andomirira ari ikoko; Mwari akanga ane nguva yake yaakanga atara. Paifanira kuti pave nomumwe Farao pachigaro choushe, uye vanhu vaifanira kunge vachichemera chingwa choupenyu, Mwari asati akwanisa kumutuma kuti adzokere. Ichi ichokwadiwo kunguva yedu ino.

Asi tinei munguva yedu ino iyi? Gurumwandira ravanhu riri kuita zviratidzo kusvikira tava nechizvarwa chavanhu vanotsvaka zviratidzo vasingazivi zvavo kana chinhu pamusoro peShoko, kana kuti kufamba kwechokwadi kwoMweya waMwari. Kana vakaona ropa, kana mafuta kana mwoto vanofara; hazvina basa kwavari kuti muShoko munei. Vachatsigira chero chiratidzo chipi zvacho, kana zviratidzo zvisinei negwaro. Asi Mwari wakatiyambira pamusoro pezvizvi. Wakataura muna Mateo 24 kuti mumazuva okupedzisira mweya miviri iyi ichazenge yakafanana zvokuti vasanangurwa chete ndivo vachakwanisa kuziva mutsauko wayo, nokuti ndivo chete vasingazonzengeri.

Unokwanisa sei kuziva siyano yomweya miviri iyi? Ingoipa kuedza kweShoko chete. Kana vasingatauri Shoko iroro, ndovowakashata. Sezvo wakashata akanyengedza mwenga miviri yokutanga, achaedza kunyengera mwenga wenguva ino yokupedzisira, achiedza kumuita kuti aite masanganiswa achishandisa zvitendwa, kana kungobva afuratira Shoko zviri pachena achienda kuzviratidzo zvinopindirana naye zvaanoda. Asi Mwari haana kumbogara aisa zviratidzo mberi kweShoko. Zviratidzo zvinotevera Shoko, kufanana nezvakaita Eria kutaurira mukadzi kuti atange amubikira keke, achitevera

kutaura kweShoko raShe. Paakaita zvakataura Shoko, chiratidzo chaicho chakauya. Tangai mauya kuShoko mugozocherechedza mashura. Mbeu yeShoko inopiwa simba noMweya.

Nhume yakatumwa kubva kuna Mwari ingatenda sei chikamu chete cheShoko ichiramba chimwe chikamu? Muprofito wechokwadi munguva ino yokupedzisira achadanidzira Shoko rose rizere. Masangano achamuvenga. Shoko rake richava rakaoma nokukasharara saJohane Mubhabhatidzi wakavati nyoka. Asi vakatemerwa vachanzwa nokugadzirira kubvutwa. Mbeu yoUmambo yaAbhurahama, ino kutenda kwakafanana nokwaAbhurahama ichabatira kuShoko naye, nokuti vakatemerwa pamwe chete.

Nhumeyenguva yokupedzisira ichasvika panguva yakatarwa naMwari. Yava nguva yokugumisira zvino sokuziva kunoita vanhu vose, nokuti Israeri yava munyika yayo. Nhume iyi inogona kuuya chero nguva ipi zvayo iko zvino zvichitevedza Maraki. Patinomuona, anenge akazvipira kuShoko. Acharatidzwa (kuonekwa muShoko. Zvakazarurwa 10,7.) uye Mwari achasimbisa shumiro yake. Achaparidza chokwadi sezvakaita Eria nokugadzirira kutaridzwa kwamasimba paGomo reZioni.

Vazhinji vachatadza kunzwisisa nokuti vakadzidziswa Gwaro nenzira yavanofunga kuti ichokwadi. Paanotaura kuti izvi handizvo, havatendi. Kana vamwe vafundisi vachatadza kunzwisisa nhume iyi nokuti zvakawanda zvakatonzi ichokwadi yaMwari navanyengeri.

Asi muprofito uyu achauya, sezvakangoitavo muparuri wokuuya kwokutanga kudanidzira achiti, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa zvivi zvenyika,” naiyevo zvisina kana kukahadzika achadaidziravo achiti, “Tarirai Gwayana raMwari riri kuuya mukuhwinya.” Achaita izvi, nokuti sezvakanga zvakaita Johane kuva nhume yechokwadi kuvasanangurwa, naiyevo ndiye nhume yokupedzisira kuvasanangurwa uye mwenga wakaberekwa neRopa.

*(Kubva muKuiswa paChena kwamaZera AmaKereke maNomwe)*

**VOICE OF GOD RECORDINGS**

P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)